

5 Mas 2020

Gen ka COVID-19 ki Konfime nan Konte Montgomery, Maryland

Gouvènè Maryland Larry Hogan te anonse aswè a twa (3) ka COVID-19 ki konfime nan Konte Montgomery, Maryland. Pandan konferans pou laprès li a, Gouvènè Hogan te raple rezidan eta nou an kijan se yon sitiyasyon k ap evolye epi li ankouraje tout moun pou yo rete branche epi pran prekosyon pou yo rete an sante.

Men sa ou bezwen konnen:

- Gouvènè Hogan te di konsa, "Pandan nou vèl sa ta sanble li akablan, pa rezon pou nou panike. **"Rezidan Maryland yo ta dwe ale travay oswa lekòl demen menm jan yo t ap fè nòmalmen.** An menm tan, mwen vle kontinye raple tout moun pou yo prepare tèt yo ak kontinye rete branche. "
- Inivèsite Maryland ap kontinye travay pou pran mezi ki nesèsè epi l ap veye sitiyasyon an depre. Nou pral kontinye voye dènye nou vèl yo ak pataje enfòmasyon sou umd.edu/virusinfo chak fwa nou jwenn plis enfòmasyon nan men Depatman Sante Eta a, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS), ak otorite sante lokal yo. Sou sit sa a, ou ka jwenn konsèy sou fason pou vwayajè ki soti aletranje yo izole tèt yo, ak enfòmasyon sou kote yo entèdi moun vwayaje. **Nou pral pran desizyon ki mete sante ak sekirite kominote nou an premye.**
- Nou ankouraje tout moun **pran aksyon prevantif** pou pwoteje tèt yo ak lòt moun pou sispann pwopaje mikwòb yo. Jan nou te di deja, **si w gen sentòm lafyèv, tous oswa difikilte pou respire, konsilte yon pwofesyonèl medikal.** Sant Sante Inivèsite nou an rekòmande ak tout fòs pou nenpòt moun ki malad oswa panse yo ka malad pa vin nan klas oswa travay epi al kay doktè, si sa nesèsè.
- Kontinye sipòte Terps parèy nou yo. Biwo pou Divèsite ak Enklizyon an te kreye [Konsèy pou Sipò Kominotè](#) pandan epidemi sa a.

Ou kapab jwenn lòt resous nan men eta a nan health.maryland.gov/coronavirus. Si ou gen kesyon espesifik sou kowonaviris, tanpri kontakte healthconcerns@umd.edu.